Réewum Juulit wu Moritani

Goré Mbookkoo Yoon

Njawrin gi ni denk njang mi ak coppite njangin mi

Daara ngir pkkute ak njang ci lakki réew mi

# NJÀNGUM DAWAL

## AT MU JËKK WOLOF

IPELN

IPELAN

© IPELAN 2024

# KANAMAL

Ngir dolli gëdd njàng mi ak njàngale mi bànqaas gi saytu njàng mi ak njàngale mi ci moritani amal na camp ngir wone làkki réew mi. Ngir waajal duggub làkki réew mi : pulaar soninké ak wolof ngir ñu jot jëmu yu am solo yi ñu wax ci tërëlinu dëgëralu njàng mi.

Moo tax jumtu njàngale mi, ñu xalaat, te camp yiy toppatoo njàngum làkki réew mi, amal ka, war doon tegu ci yeene yi bànqaas gi am ci dëgëral xam xam yi ci njàng mi. Mu am solo su màgg ngir jëfandikoo làkki réew mi, ni xam xam àk jëmu njàngum dawal bu jëkk. Njumtu njàng moomu noo ngi ko bind ci kow ay doxal seet yu wòor ñu amal leen ci addina mu dëppoo ak jamono ji réew mi tollu.

Boole ci xam xàmu njàng mu lalu mi, yi manul ñàkk ci njàngum dawal mu jëkk, mi wane ci sukkandiku ci làkk yi xalé yi di làkk, mën ka dégg, jëll yu ñu mën tas ngir xam lu ñu wund, dana tax xale bi mën jàng bu jub. Ci sukkandiku natt yi, amalug téere bi laaj, mënees na yaakaar ni jumtu lii dana doon tegu gu am solo, guy indi tontu lu am ci bëgg- bëggu bànqaas gi saytu jàng mi ak njàngale mi, ci yokk gu wòor njàngu ndongo yi.

Nuy gërëm ñépp ñi ci jàpp bamu am ci seen jàppale te di ñaan ñépp ñi jot ci téere bi ñu jëfendikoo ko na mu gëné.

Di beral ngërëm ñii amal taxawaay bu mucc ayib bi ba téere bi mëna yémb. Ñu ci melni :
Sëriñ Ëlbu Muhamed Ndaw njiitu bànqaas gi yoré ak di saytu làkki réew mi.
Sëriñ Rawaan Maxtaar Jòob mu yoré wàllum làkku wolof ca boobu bànqaas
Ak Sëriñ Jiibi Amadu Gay di ku xam xamam màcc ci làkku wolof.

Bànqaas gi saytu njàng mi ak njàngale mi ak copite tërëlinu njàng mi ak njàngale mi, bàyyi xel ci li war ngir saafara jafe- jafe yi aju ci mokkal njàngum dawal gi ak mbind mi ci njàng mu lalu mi, taxaw na ci dugal njàngin wu bees, jublu ci dooleel xam-xami ndongo yi. Teg nañu tërëlin bu ñuy topp ci njàngum dawal ak mbind. Ci lolu lañu defar sukkandi kaay bii ngir dimbali jàngalekat bi ngir yombalal ko njàangum njàngale dawal ak mbind mi.
Ñu ngi ko defar ci deggoo ak njàng mi ñu yoonal ci at mu jëkk njàng mu lalu mi ak séddeleg jotaayu bés bi.

Dégtu yi a ngiy am toppay kàddu yuy wan jàngalekat bi beneen xarala njàngale tas kàddu.
Ci njàngum dawal mankoo nañu ci xam-xami doxalin yi lalu, nu deggee dég-dégu baat bi bañ deggee turam. Doxalin bii mooy bi mënul ñàkk.
Dégtu njàngum dawal mi day am ci ay pàcc yu am ay kàddu yu bare ngir mën amal yëngu yii :

- Bàyyim xel ci tuddinu baat bi.
- Njàngum (araf yi, dog yi, baat yi, kàddu yi)
- Nafar gi

Njiitu kureelu IPELAN: Professeur NBU SETA JAGANA



IPELAN

Gindikaay bii ñu jagleel jàngalekat bi mooy gunge téereé bi njàngum dawal mi ak kaye mbindu ndongoli. Ci biir téeré njàngum dawal mi njàngum benn baat :

- Baat bu ñu tànn.
- Dog bu am baat bi.
- Baat yu tasu

Gindikaay bi day ànd ak téeré ndongo yi at mu jëkk. Ñu ngi ko defar ngir jàppale jàngallekat bi , digal ko ay yoon yu mu mën dugal ci njàng mi ak jàngale mi ci jamono ju nekk ci làkk wi doxalin yi ñu ci digle dëppo na ak jëmu nekkin ak njàng ci njàngale boole mi.

Ñu ngi ko amal ci déggoo ak njàngale mi ñu yoonal ci at mu jëkk mi.
Gindikaay ci at mu jëkk mi ci wolof mu ngi bindu ci 6 këmbu.
Këmbu lu nekk dafa séddëliku ay dégtu. Këmbu lu nekk jeexe wenn wayu xale.
Juróom benni këmbu yi ak seen dégtu ñu ngi nii.

# JUBLU

- Këmbu 1 : Sama waa kër gi
- Dégtu1 : Waa kër gi
- Dégtu 2 : Nuyoo yi
- Dégtu 3 : Nuyoo yi
- Dégtu 4 : liggey i kër gi
- Dégtu 5 : liggey i kër gi
- Dégtu 6 : Ñam yi.
- Dégtu 7 : Ñam yi

Dégtu 8 : Waa kër gi
Dégtu 9 : Nafar

- Këmbu 2 : Njàng mi
- Dégtu1 : Daaray al quraan
- Dégtu2 : Daaray al quraan
- Dégtu3 : kubbite daara ji
- Dégtu 4 : kubbite daara ji
- Dégtu 5 : Biir yéen wi
- Dégtu 6 : Biir yéen wi
- Dégtu 7 : Dal lu bi
- Dégtu 8 : Dal lu bi
- Dégtu 9 : Nafar.

- Këmbu 3 : Wér gi yaram
- Dégtu1 : cetu gémmiñ
- Dégtu 2 : Cetu yaram
- Dégtu 3 : Biir buy daw
- Dégtu 4 : Kër doktoor
- Dégtu 5: Wàdd ak doktoor Daabo
- Dégtu 6 : Ñakk
- Dégtu 7 : Ñakku
- Dégtu 8 : feebaru yaaco
- Dégtu 9 : Nafar.



IPELAN

- Këmbu 4 : Po yi ak Tàggat yaram
- Dégtu1 : Langaa buri
- Dégtu2 : Langaa buri
- Dégtu 3 : Lamb ji
- Dégtu 4 : Lamb ji
- Dégtu 5 : Tàggat yaram
- Dégtu 6 : Tàggat yaram
- Dégtu 7 : futbalu jàngamaar yi
- Dégtu 8: Basketu way lompooñyi
- Dégtu 9 : Nafar.

- Këmbu 5 : Jóol yi.
- Dégtu1 : Njënd ak Njaay
- Dégtu 2 : Jaay kat bi
- Dégtu 3 : Jàngalekat bi
- Dégtu 4 : Jàngalekat bi
- Dégtu 5 : Ñawkat bi
- Dégtu 6 : Lakk katu mburu
- Dégtu 7 : Lakk katu mburu
- Dégtu 8 :ŋaamaan kat bi
- Dégtu 9 : Nafar.

- Këmbu 6 : Xew yi
- Dégtu1 : Moom sa reew
- Dégtu 2 : Kori gi
- Dégtu 3 : Tabaski
- Dégtu 4 : Gàmmu
- Dégtu 5 : Gàmmu Garak
- Dégtu 6 : Tamxarit
- Dégtu 7: Seentu weer
- Dégtu 8: Añu tudd gi
- Dégtu 9 : Nafar.

IPELAN

Dégtu yu ñu jàpp, doxalin la ñuy topp, ñu séddëliku ci ay tollu. Tollu yi dañu leen wone ngir yombalal jàngalekat bi dégginu xarala wu gën ci njàngale làkk wi te it di dëgëral doxalinu njàng mi ci biir yeen

# ĀLLUWAY FÀNN


Jĕmu 1: a - aa ---- 21 - 22
Jĕmu 2 : à ---- 23 -24
Jĕmu 3 : u ---- 25-26
Jĕmu 4 : uu ----27-28
Jĕmu 5 : ë ----29-30
Jĕmu 6 : e ----31-32
Jĕmu 7 : ee ----33-34
Jĕmu 8 : ó ----35-36
Jĕmu 9 : Nafar a aa à u uu ë e ee --- ---- 37-38
Jĕmu 10 : i ----39-40
Jĕmu 11 : ii ----41-42
Jĕmu 12 : é ----43-44
Jĕmu 13 : ée ----45-46
Jĕmu 14 : o ----47-48
Jĕmu 5 : oo ----49-50
Jĕmu 16 : óó ----51-52
Jĕmu 17 : q ----53-54
Jĕmu 18 : Nafar : a aa à u uu ë e ee ----55-56
Jĕmu 19 : b bb ----57-58
Jĕmu 20 : x ----59-60
Jĕmu 21 : g gg ----61-62
Jĕmu 22 : d ----63-64
Jĕmu 23 : dd ----65-66
Jĕmu 24 : s ----67-68
Jĕmu 25 : f ----69-70
Jĕmu 26 : c ----71-72
Jĕmu 27 : Nafar b bb x g gg d dd s f c cc ----73-74
Jĕmu 28 : ng ----75-76
Jĕmu 29 : nc ----77-78-
Jĕmu30 : mb ----79-80
Jĕmu31 : nj ----81-82
Jĕmu32 : nt ----83-84
Jĕmu33 : nk ----85-86
Jĕmu34 : nq ----87-88
Jĕmu 35 : mp ----89-90
Jĕmu36 : Nafar ng – nc – mb – nj – nt – nk – nq– mp ----91-92
Jĕmu 37 : j jj ----93-94
Jĕmu38 : k kk ----95-96
Jĕmu39 : l ----97-98
Jĕmu 40 : ll ----99-100
Jĕmu41 : m mm ----101-102
Jĕmu42 : p pp ----103-104
Jĕmu43 : nd ----105-106
Jĕmu44 : Nafar j jj k kk l ll m mm p pp nd ----107-108-



IPELAN

Jëmu 45 : w ---------------------------------------------------------------------109-110
Jëmu46 : ww ---------------------------------------------------------------------111-112
Jëmu 47 : y ---------------------------------------------------------------------113-114
Jëmu 48 : yy ---------------------------------------------------------------------115-116
Jëmu 49 : ŋ ---------------------------------------------------------------------117-118
Jëmu50 : ŋŋ ---------------------------------------------------------------------119-120
Jëmu51 : ñ ---------------------------------------------------------------------121-122
Jëmu52: ññ ---------------------------------------------------------------------123-124
Jëmu53 : Nafar w ww y yy ŋ ŋŋ ñ ññ ---------------------------- 125-126
Léeb ak i xët : ____________________________________________________127 - 128

IPELAN

# XAM XAM BU YAATU (Acquisition globales )

## 1. Njaboot gi (les membres de la famille) :




| LES PRESONNAGES | LES MOTS  OUTILS ET ACTES PAROLES |
|---|---|
| Les personnages<br>Baay,<br>Yaay,<br>Karim,<br>Lamin,<br>Faatim,<br>Duudu,<br>Sëriñ,<br>Nongo yi | Yaay, sottal naa añ.<br>Lamin a ngee teg àlluwaam ci kaw tànkam di jàng<br>Ubbi leen seen i téeré, ci xëtu juróomeel bi<br>Soo noppee nga tuuri ndox mi te buub mbalit mi.<br>Yaay dëkk bi dëggër na lool tay.<br>Baasi salte rekk la xale yi bëgg<br>Weer wi leer na tey.<br>Jàppal<br>Ganaar<br>Ngee<br>Teg<br>Ubbi<br>Muus<br>Xëy |

IPELAN

# 2. Njàng mi (l'Education) :







IPELAN

| LES PRESONNAGES | LES MOTS OUTILS ET ACTES PAROLES |
|---|---|
| Karim<br>Sëriñ<br>Lamin<br>Baay<br>Paté<br>Ndongo yi<br>Sofi<br>Ngóoné<br>Bóoli<br>Faatim<br>Roqaya | Sëriñ<br>Ndongo yi<br>Ana sofi ak coro?<br>Bóoli, ana xalé yu góor yi?<br>Roqaya looy sëqët nii ?<br>Indil sa àlluwa nga tari.<br>Niital ma fii, Lamin ! |

# 3. Wergi yaram :(Santé) :
# Set setal



IPELAN

| LES PERSONNAGES | LES MOTS OUTILS ET ACTES PAROLES |
|---|---|
| Binta<br>Baaba<br>Ayda<br>Faatim<br>Baay<br>Sëriñ<br>Doktoor<br>Wàdd<br>Soxna<br>Caane<br>Yaay | Damay raxas samay loxo ak sama gémmiñ.<br>Sama doom dënnam dafay meti.<br>Sama doom Busȯ laay yȯbbu mu ñakku ji.<br>Fagaru moo gën fajju<br>Doktoor Bàcc Càam mën na ka mocc |

# 4. Po ak tàggat yaram (Jeux et Sports) :





| LES PERSONNAGES | LES MOTS OUTILS ET ACTES PAROLES |
|---|---|
| Ngañ<br>Ayda<br>Baay<br>Mbay<br>Faatim<br>Anta<br>Karim<br>Lamin<br>Awa<br>Anta | Ndongo yi ñu ngi làngaaburi.<br>Ayda kaay ñu dem sanc ba .<br>Mbay tay la làmb ji<br>Bëré Njool ak Njaga kañ la<br>Anta,<br>rawante<br>Tay si ngoon way lompoñ yi dañuy joŋanté.<br>Làngaaburi<br>tancaloo<br>conc<br>bëré<br>daan |

# 5. Les metiers : Njóol yi










IPELAN

| LES PERSONNAGES | LES MOTS OUTILS ET ACTES PAROLES |
|---|---|
| Yaay Daaro | Jaynaba looy jënd ? |
| Jaynaba | jaay ma lujum ak jën |
| Korka | Am nga kaarite ? |
| Bakka | fukki |
| Ndongo li | kawar |
| Sëriñ | liifantu wolof ñaata araf la ? |
| Lamin | pusó masin bi moo dammoon |
| Lolli | |
| Faatim | |
| Musaa | |
| Lamin | |
| Fanty | |
| Karim | |

## 6. Xew yi : (les fêtes) :



| LES PERSONNAGES | LES MOTS OUTILS ET ACTES PAROLES |
|---|---|
| Karim<br>Lamin<br>Faatim<br>Yaay<br>Bandàñ | Moom sa réew<br>Ëllëg la 28 Nowàmbar<br>Waawaaw, bés boobu la ñuy magal<br>Wéer wi féeñ, ëllëg fàww nu wori.<br>Sama nijaay yar na kuuy bu rëy.<br>Bàyyil tàyyal<br>Kee du Ñaŋ ŋaamaan kat ba<br>Midi keŋŋ, bool keŋŋ |

**Tàjji :** Njàboot gi la famille
**Jëmu :** njàngum a – aa



IPELAN


**Faatim: Yaay, sottal naa añ.**
**Yaay: Loo togg tay?**
**Faatim: Ceebu ganaar.**
**Yaay : Ana Sa baay ak xale yi ?**
**Faatim : Baay a ngiy sangu, Lamin ak karim ñu ngi ci suufu garab gi.**

**Yaay, sottal naa añ.**

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **Yaay** | **sottal** | **naa** | **añ** | | Baay | Sottal |
| **yaa** | **ta** | **naa** | **añ** | | Yaay | Rakkam |
| **aa** | **a** | **aa** | **a** | | Xale | Lamin |
| **AA** | **A** | **AA** | **A** | | ganaar | karim |

**Faatim nee na yaayam, sottal na añ.**
**Yaay ji laaj ko lu mu togg tay. Mu ni ko ceebu ganaar la togg.**
**Mu laaj ko baay ak xale yi.**
**Mu tontu ko baay a ngi sangu, xale yi a ngi ci sufu garab gi.**

**Tàjji : Nuyoo**
**Jëmu : Njàngum** **à À**



**Karim: jàmm nga am?**
**Faatu: jàmm rekk.**
**Karim: Ana baay ak yaay?**
**Faatim: Baay a ngi jàkkaarloo ak yaay di jàng.**
**Karim: Ana lamin?**
**Faatim: lamin a ngee teg àlluwaam ci kaw tànkam di jàng.**


**Lamin a ngee teg àlluwaam ci kaw tànkam di jàng**

| | | |
|---|---|---|
| **àlluwaam** | **tànkam** | **jàng** |
| **àll** | **tàn** | **jà** |
| **à** | **à** | **à** |
| **À** | **À** | **À** |

| | |
|---|---|
| Jàkkaarlook | jàmm |
| Jàng | dàll |
| àlluwaam | tàccu |
| tànkam | tàmmal |

IPELAN

**Karim laaj na Faatim Baay ak Yaay, Faatim ni ko Baay a ngi jàkkaar look yaay di jàng. Karim ni ko ana Lamin, mu ni ko Lamin a ngi teg àlluwaam ci kow tànkam di nafar.**



**Yaay ni leen waaw góor sàkku xam xam war na ku nekk.**
**Tajji : Nuyoo**
**Jëmu : Njàngum** **u U**

**Lamin : Salaamaalikum.**
**Faatim : Maali kum salaam.**
**Lamin : Ana Aamadu ?**
**Faatim : Amadu dafa sibbiru.**
**Lamin : Nuyul ma ko bu baax**


| | |
|---|---|
| salaamali kum | maalikum salaam |
| Aamadu | na nga def |
| sibbiru | maa ngi fii rek |
| nuyu | àlluwa |

**Nuyul ma ko bu baax**

| | |
|---|---|
| **Nuyul** | **bu** |
| **Nu yu** | **bu** |
| **u uu** | **u** |
| **U UU** | **U** |

**Lamin nuyu na Faatim. Laaj ko Aamadu.**
**Faatim fay ko niko Aamadu dafa sibbiru.**
**Mu ni ko na ka ko nuyul bu baax.**

**Tàjji : liggéeyu kër**
**Jëmu : uu UU**



IPELAN

**Bintu : Faatim looy def ci suufu garab gi ?**
**Faatim: Damay xolli ndugu li. Yow nak looy def?**
**Bintu: Damay fóot yëre yi.**
**Faatim: Mbaa fàtté woo sama robbu bu ñuul bi?**
**Bintu: Déedéet.**
**Faatim: Soo noppee nga tuur ndox mi te buub mbalit mi.**

| | |
|---|---|
| **suuf** | **tuur** |
| **ñuul** | **buub** |
| **mbubu** | **buur** |
| **muus** | **muur** |

**Soo noppee nga tuuri ndox mi te buub mbalit mi.**

| | |
|---|---|
| **tuuri** | **buub** |
| **tuu** | **buu** |
| **uu** | **uu** |
| **UU** | **UU** |

Bintu laaj na faatim lu muy def ci suufu garab gi.
Faatim ni ko day xolli ndugu li, ba pare laaj ko moom tamit lan lay def. Mu niko dafay fóot yëre yi. Mu laaj ko mbaa fàtté wul roobbam bu ñuul ba. Faatim ni ko déedéet. Mu ni ko bu noppee mu tuur ndox mi te buub mbalit mi.

Tajji : Ñam yi
Jëmu : Njàngum ë Ë



Faatim: Yaay dëkk bi dëggër na lool tay.
Yaay: looy togg añ?
Faatim: ceebu jën bu weex laa bëgg togg.
Yaay: Mbaa am nga rënd wu baax.
Faatim: Waaw jënd naa waas ak satt.

Yaay dëkk bi dëggër na lool tay.
Dëkk dëggër
ëkk dë gë
ë ë ë
Ë Ë Ë

dëkk
dëggër
jën
bëgg

rënd
jënd
tëdd
jëm

IPELAN

Faatim nee na yaayam tay dëkk bi dafa dëggër .
Yaay ji laaj ko lu muy togg añ . Mu ni ko ceebu jën la bëgg togg. Mu laajaat ko ba xam am na rënd bu baax. Mu ni ko jënd na waas ak satt.



Tajji: Ñam yi
Jëmu: e E


Faatim: Yaay looy togg reer tey?
Yaay : Cere baasi salte.
Faatim : Baasi salte rekk la xale yi bëgg.
Yaay: Baay moo ko taamu de tay.

baasi salte rekk la xale yi bëgg.
salte rekk xale
te ekk le
e e e
E E E

tey
cere
salte
rekk

xale
fande
lekk
foonde

Karim laaj na yaayam lu muy togg reer tey.
Yaay ji ni ko baasi salte lay togg. Mu ni ko baasi salte rekk la xale yi bëgg. Yaay ji ni ko baay moo ko taamu tay. Waa kër gi bég na ñu lool ci cere ji.
Tajji : waa kër gi
Jëmu : Njàngum ee EE



Lamin: Weer wi leer na tey.
Karim: Waxal xale yi bu ñu reeree ba noppi ñu génn.
Lamin : Lu xew xanaa ?
Karim: Maam da fa nuy léebal, na ñépp teew si.

weer wi leer na tey.

Weer leer
Wee lee
ee ee
EE EE

| | |
|---|---|
| weer | neex |
| leer | jeex |
| leer | xeex |
| leeb | seex |

Lamin nee na weer wi leer na tey.
Karim ni ko mu wax xale yi bu ñu reeree ba noppi ñu génn. Lamin laaj ko lu xew. Mu ni ko Maam moo leen di leebal na ñépp teew ci ëtt bi.
Tajji : waa kër gi
Jëmu : Njàngum ó Ó



IPELAN

**Baay : Lamin ñówal def ndox ci barigó bi.**
**Lamin : Baay waxal Busó mu ñów jàppale ma.**
**Baay: Ana Busó?**
**Lamin: Jógagul mu ngi nelaw.**
**Baay: Soo noppee nga yóbbul sa yaay añ.**

**Lamin ñówal def ndox ci barigó bi.**

| | |
|---|---|
| ñówal | barigó |
| ñó | gó |
| ó | ó |
| Ó | Ó |

| | |
|---|---|
| ñówal | yóbbul |
| barigó | gósi |
| Busó | óbbali |
| Jógagul | pusó |

**Baay dafa sant Lamin mu def ndox ci barigó bi.**
**Mu ni ko mu wax Busó mu jàppale ko.**
**Mu laaj ko ana Busó ? Mu ni ko jógagul.**
**Mu ni ko su paree mu yóbbul yaayam añ.**



**Revision** a – aa – à – u – uu – ë – e – ee

**Faatim : Jàppal ganaar gi Lamin !**
**Lamine : Maa ngee ñów Faatim.**
**Faatim : Nga dugal ko ci biir waañ wi.**
**Lamin : Xëy na di na mucc ci muus mi.**


**Lamin jàppal ganaar ngee dugal muus xëy ñów.**

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| la | jà | naa | ngee | du | muu | xë | ñó |
| a | à | aa | ee | u | uu | ë | ó |
| A | À | AA | EE | U | UU | Ë | Ó |

| | |
|---|---|
| Jàppal | ubbi |
| ganaar | muus |
| Lamin | xëy |
| teg | ngee |

IPELAN

Nafi sant na Lamin mu jàpp ganaar gi.
Mu ni ko ma ngee ñow.
Nafi ni ko bu ko jàppee mu dugal ko si biir waañ wi.
Mu ni ko xëy na di na mucc ci muus mi.
Tàjji : Daara alxuraan
Jëmu : Njàngum i I



Sëriñ : Karim ! ana nga ?
Karim : Maa ngi ni Sëriñ.
Sëriñ : Julli nga ?
Karim : Waaw, ñuqi naa itam kayit yi.
Sëriñ : Indil sa àlluwa nga tari.

Indil sa àlluwa nga tari .

indi tari
ind ri
i i
I I

Karim Ngi
Sëriñ Kayit
Julli Indil
ñuqi tari

Sëriñ bi dafa laaj Karim, ndax julli na.
Karim ni ko julli na, ñuqi na itam kayit yi.
Mu ni ko mu indi àlluwaam te tari.
Karim daldi ñëw tari bindam.
Tàjji : Daara alxuraan
Jëmu : Njàngum ii II



Sëriñ : Bindal ma fii, Lamin !
Lamin: Lan lay bind?
Sëriñ: Doju tiimu kaay bi laay seet.
Lamin : lolu mënu mako bind.
Sëriñ : Kaay fii nga jàng sa àlluwa.
Lamin : Maa ngi nii Sëriñ.

Bindal ma fii, Lamin !

Bindal fii
bi fii
i ii
I II


bindal liir
fii liitu
tiimu miir
biir niinal



IPELAN

**Sëriñ bi wax na Lamin mu niital ko. Mu laaj ko lan la, Sëriñ bi ni ko doju tiimu bi laa di seet. Lamin ni ko mu ngi ci biir néeg bi. Sëriñ bi ni ko mu ñów jàng àlluwaam. Lamin daal di ko jël toog ci wetam di jàng.**

**Tàjji : Ubbite Daara ji**
**Jëmu : njàngum é É**



**Baay : Paate wékkool sa yéré bu gaaw da ngay jàngi.**
**Paaté : Pare naa baay, jël naa itam sama téeré**
**Baay : Looy défati génnasil nu dem.**
**Paaté : xale yi laay xaar.**

| | |
|---|---|
| **Paate** | **téeré** |
| **wékkool** | **défati** |
| **yéré** | **génna** |
| **pare** | **xalé** |

**Paaté wékkool sa yéré bu gaaw da ngay jàngi.**

**Paate wékkool yéré**
**té wé ré**
**é é é**
**É É É**

**Baay wax na Paaté mu wékkoo ak yëreem bu gaaw dafay jàngi. Mu ni ko paré na bay jël téeréem. Mu laaj ko lumuy def lan la na génn ñu dem.**
**Mu ni ko xalé yi lay xaar.**

**Tàjji : Ubbite ekool ( daara ji)**
**Jëmu : Njàngum ée ÉE**





IPELAN

**Sëriñ : Ndax yéen yëpp set nañu ?**
**Ndongo yi : Noo ngi ci, léegi nu noppi.**
**Sëriñ : Ana séeni téeré ?**
**Lamin : Karim réeral na sama téeré.**

| | |
|---|---|
| yéen | réeral |
| léegi | wéer |
| léeni | néeg |
| téeré | géew |

**Karim réeral na sama téeré.**

**réerël** **téeré**


**rée** **tée**

**ée** **ée**

**ÉE** **ÉE**

**Sëriñ bi laaj na ndongo yindax yéen yépp set nañu.**
**Ndongo yi ni ko léegi ñu noppi.**
**Mu laaj leen séeni téeré, Lamin niko téeréem dafa réer.**
**Mu ni leen ñu wéer séeni njumtu kaay ba suba.**

**Tàjji : Ci biir yéen wi**
**Jëmu : Njàngum** **o** **O**



**Sëriñ : salaamaali kum ndongo yi.**
**Ndongo yi: maalikum salaam Sëriñ.**
**Sëriñ: Ana sofi ak coro?**
**Sofi: Maa ngi ni, Coro dafa doon foo bay tarde.**
**Sëriñ: Bu ñëwee di naa ko woŋŋ.**

| | |
|---|---|
| ndongo | oto |
| sofi | jàngoro |
| coro | dolli |
| woŋŋ | rocci |

**Ana sofi ak coro ?**

**sofi** **coro**


**so** **co** **ro**

**o** **o** **o**

**O** **O** **O**

Sëriñ bi dafa dugg ci yéen bi daldi nuyu ndongo yi.
Ndongo yi délloo ko nuyoo. Mu laaj leen Coro ak Sofi.
Sofi tontu neko ma ngi ni, waaye Coro dafa tardé ndax poo rekk. Noona mu ni ko su ñowee di na ko woŋŋ.

Tàjji : Ci biir yéen wi
Jëmu : Njàngum oo OO




Sëriñ : Ngóone toogal ci suuf.
Ngóoné : Toog naa Sëriñ.
Sëriñ : Kooy xulóol foofu.
Ngóoné : Moor mooma dóor.
Sëriñ: Génn leen woowi séeni waa jur.

Kooy xulóol foofu.
Kooy foofu
Koo foo
oo oo
OO OO

| | |
|---|---|
| toogal | noona |
| kooy | woo |
| foofu | boole |
| mooma | moor |

Sëriñ bi dafa wax Ngóoné mu toog bàyyi taxaw bi.
Mu ni ko toog na. Mu laaj ko kumuy xulool.
Mu ni ko Moor moo ko dóor.
Mu ni leen ñu génn woohi séeni waa jur.
Tàjji : Dal lu bi
Jëmu : Njàngum óo ÓO





IPELAN

Lamin : Bóoli, ana xalé yu góor yi ?
Bóoli : Ñu ngi ñóoxu ci biir tóokooru daara ji.
Lamin : Yóot ma sama kóoni balaa may sóobu ci po mi.
Bóoli : Wóoral sa wet fii wóolu wuma sa wër gi yaram.

góor yóot
bóoli kóoni
ñóoxu sóobu
tóokoor sóor


Bóoli, ana xalé yu góor yi ?

Bóoli góor
bóo góo

óo óo
ÓO ÓO

Lamin laaj na Bóoli ana xalé yu góor yi. Mu ni ko ñu ngi ñóoxu ci biir tóokooru daara ji. Mu laaj ko kóoneem balaa muy sóobu ci po mi. Mu ni ko na wóor wetam ndax wóolu wul wërgi yaramam.

Tàjji : Dal lu bi
Jëmu : Njàngum q Q




Faatim : Roqaya looy sëqët nii.
Roqaya : ndongo yi ñoo di dàqanté bay pënd mi jog.
Faatim: buqat bu mag nga.
Roqaya: Moo tax ñépp taqal nañu seeni yëré.

Roqaya taqal
sëqët luqi
dàqanté toqi
buqat jeqi

Roqaya looy sëqët nii.

Roqaya sëqët
qa që
q q
Q Q

**Faatim defa laaj roqaya lumuy sëqët.**
**Mu ni ko ndongo yi ñoo di dàqante bay pënd mi jog.**
**Mu ni ko buqate la. Roqaya ni ko moo tax ñépp taqal nañu séeni yëré.**

**Révision**
**i – ii – é – ée – o – oo – óo– q**




**Njiitu daara ji : Tay dañuy sargal ndongo yu gënn a ràññeeku ci at mi.**
**Ndongo yi : Bóoli, Roqaya ak Moor ay ndongo yu xarañ lañu.**
**Njiitu daara ji : Ban yéen lañuy def ?**
**Ndongo yi : Bóoli, Roqaya ňoongi ci yéenu bénneel bi, Moor moom mungi ci juróomeel bi.**

| Njiitu | ji | Roqaya | Moor | yéen | Bóoli | bénneel | Ndongo |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Njii | ji | qa | moo | yée | bóo | bé | ndo |
| ii | i | q | oo | ée | óo | é | o |
| II | I | Q | OO | ÉE | ÓO | É | O |

| | |
|---|---|
| njiitu | bénneel |
| bóoli | Moor |
| Roqaya | Ji |
| yéen | bénneel |

Njiitu daara ji dafa doon waxtaan ak ndongo yi ni dañuy sargal ndongo yi gënn a ràññeku ci at mii. Ndongo yi ni ko Bóoli, Roqaya, ak Moor ñoo gën xarañ. Mu laaj leen ban yéen lañuy def? Ñu ni ko Bóoli ak Roqaya bénneel, Moor juróomeel.

Tajji: Cetu gémmiñ
Jëmu: Njàngum b B bb BB



Binta : Démb foo demoon ?
Baaba : Sama bëñ moo doon metti, sama baay yobbu ma kër doktoor.
Binta: Lan la doktoor wax?
Baaba: Dafa ni ma sa bëñ bi dafa am pax, mu wekki ko ba noppi ni ma sama cetu gémmiñ dafa des.

Sama baay yobbu ma kër doktoor.

baay yobbu

ba bu

b bb

B BB

| | |
|---|---|
| Baaba | Yobbu |
| bëñ | ñibbi |
| Baay | Yëbb |
| Binta | ubbi |

Binta dafa laaj Baaba fu mu demoon. Baaba ni ko démb bëñam moo doon metti, baayam yobbu ko kër doktoor. Doktoor bi ni ko bëñ wi dafa am pax. Naka noonu mu wekki ko ba noppi ni ko itam cetu gemmiñam dafa des.

Tajji: Cetu yaram
Jëmu: Njàngum x X



IPELAN

**Ayda : Noo tudd ?**
**Faatim: Man, Faatim laa tudd.**
**Ayda : Lu tax nga rafet ?**
**Faatim: Damay sangu ba set suba su ne, raxas samay loxo ak sama gémmiñ.**
**Damay raxas samay loxo ak sama gémmiñ.**

| raxas | loxo |
|---|---|
| xa | xo |
| x | x |
| X | X |

| | |
|---|---|
| Lu tax | Xeeñ |
| Loxo | Xaj |
| Raxas | Ndax |
| wax | ndox |

**Ayda laaj na Faatim turam, ni ko: « noo tudd? ».**
**Faatim tontu ko ni ko Faatim la tudd. Mu laajaat ko lu tax mu rafet. Mu ni ko dafay sangu ba set suba su ne, raxas ay loxoom ak gémmiñam.**



**Tàjji : Biir buy daw**
**Jëmu : Njàngum** g G gg GG


**Faatim : Biig de, sa doom ji biir buy daw la fanane.**
**Bintu: Xana dafa am lu mu lekk?**
**Faatim: Nee na ginaar lako xaritam toggal biig.**
**Bintu: Boo jógee yóbbu ko kër doktoor.**

**Nee na ginaar lako xaritam toggal biig.**

| ginaar | toggal | biig |
|---|---|---|
| gi | ogg | iig |
| g | gg | g |
| G | GG | G |

| | |
|---|---|
| biig | toggal |
| ginaar | dëggu |
| jógee | raggu |
| gune | bëgg |

Faatim dafa ne Bintu doomam ji biig biir buy daw la fanane. Bintu laaj ko ba xam dafa am lu mu lekk. Mu ni ko « ginaar lako xaritam toggal biig. Bintu niko bu jógee na ko yobbu kër doktoor.
Tajji : Kër doktoor
Jëmu : Njàngum d D




Ayda: Salaamaalikum doktoor.
Doktoor: Maalikum salaam. Lu doon sa ay tank?
Ayda: Sama doom dënnam dafay meti.
Doktoor: Ndax dafay séqat?
Ayda: Waaw. Séqat su meti.
Doktoor: Di ko jox garab gi ma lay bindal, di ko solal lu diis te mu moytu lu sedd.
Sama doom dënnam dafay meti.


Doom dënnam dafay
do dë da
d d d
D D D

Ayda dënnam
doktoor. dafay
doon di ko
doom diis

IPELAN

Dënnu doomu Ayda day metti. Mu yobu ko kër doktoor. Doktoor bindal nako garabu séqat. Ni ko ta-mit mu moytu lu sedd te di sol lu diis.

Tàjji : Wàdd ak doktoor Daabo.
Jëmu : Njàngum dd DD




IPELAN

Doktoor : Nan nga tudd ?
Wàdd : Man Wàdd laa tudd.
Doktoor : lan moo dal sa tànk ?
Wàdd : Dama doon wéq daw, bay daanu mu damm ba séddeliku.
Doktoor : Baax na, waaye fàww ñu fudd ko door kay tabax.
Man Wàdd laa tudd

| | |
|---|---|
| Wàdd | tudd |
| àdd | udd |
| dd | dd |
| DD | DD |

| | |
|---|---|
| tudd | ceddo |
| Wàdd | beddi |
| fudd | juddu |
| weddi | kàddu |

Doktoor laaj na ko turam, mu ni ko wàdd la tudd.
Mu laajaat ko lu dal tànkam. Mu ni ko dafa doon wéq daw ba far daanu mu damm ba seddeliku.
Doktoor ni ko baax na waaye fàww ñu fudd ko door koy tabax.

Tàjji: Ñakku
Jëmu: Njàngum s S



Soxna : salaamalikum Faatu na nga def ?
Faatu : wa alaykum salaam Soxna, mangi fi rekk.
Soxna: Fan nga jëm ci suba teel gi?
Faatu: Sama doom Busȯ laay yȯbbu mu ñakku ji.

| | |
|---|---|
| Soxna | Soj |
| Suba | Mbuus |
| Busȯ | Faxasu |
| sama | sóobu |

Sama doom Busȯ laay yȯbbu mu ñakku ji.

| | |
|---|---|
| sama | Busȯ |
| sa | so |
| s | s |
| S | S |

Soxna dàjje na ak Faatu nuyu ko, ni ko salaamaalikum Faatu na nga def. Faatu fayko ni ko maalikum salaam soxna, mangi fii rekk. Mu laaj ko fan la jëm ci suba teel gi. Mu tontu ko ni ko doomam Buso lay yobu mu ñakku ji.

Tàjji: Ñakku
Jëmu: Njàngum f F



Doktoor : Jàmm rekk kay.
Faatu : Sama doom laa indi woon ngir mu ñakku.
Doktoor : Loolu am na solo ndax fagaru moo gën fàjju.

| | |
|---|---|
| Faatu | Faat |
| Fagaru | For |
| Fàjju | Feral |
| feebar | defal |

Fagaru moo gën fàjju

| | |
|---|---|
| Fagaru | fàjju |
| fa | fa |
| f | f |
| F | F |

Faatu xëy na dem kër doktoor. Ba mu eggee nuyu na ko ni ko jàmm nga fanane. Doktoor tontu ko ni ko jàmm rekk kay. Faatu ni ko dafa indi doomam ngir mu ñakku. Mu ni ko loolu am na solo ndax fagaru moo gën fajju.

Tàjji : feebaru yaaco
Jëmu : Njàngum c cc C CC



Faatim: Caane foo jëm nii.
Caane: Dispañseer laa jëm sa turëndoo moo yaaco.
Faatim: Yaramam wi dafa bare ay picc sax.
Caane: Doktoor Bàcc Càam mën na ka mocc.


| | |
|---|---|
| Caane | picc |
| yaaco. | Bàcc |
| Caam | mocc. |
| camiñ | waccu |

Doktoor Bàcc Caam mën na ka mocc

| | |
|---|---|
| Bàcc Caam | mocc |
| àcc ca | occ |
| cc c | cc |
| CC C | CC |

Faatim laaj na Caane fu mu jëm mu tontu ko ni ko dispanseer la jëm, turëndo am Faatim moo yaaco. Mu ne ti ko moom yaramam wi dafa bare ay picc sax. Caane ni ko doktoor Bàcc Caam mën na ko mocc.

Tàjji: Nafaar
Jëmu: Njàngum b bb x g gg d dd s f c cc



Karim : Baay sàcc yi yobbu na ñu nagu Baay Daawuda Faal.
Baay : Wax nga musiba. Mbaa coru ñu fa kenn ?
Karim : Bu dul woon Maam faawàdd ñu dugg ca biir kër ga.
Baay : Boo deme kàccor yi faatoon fasu baay Galaay ja la ñu .


Sàcc Yobbu Nagu Wax Musiba Coru Fa Faawàdd. Dugg.
àcc obb gu ax si ba Co fa àdd du ugg
cc bb g x s b c f dd d gg
CC BB GG X S B C F DD D GG

sàcc
yobbu
nagu
Daauda
Faal

Wax
musiba
coru
faawàdd
dugg

Faatim neena sàcc yi yobbu na ñu nagu Baay Daauda Faal.
Yaay ji ni ko wax nga musiba. Mbaa coru ñu fa kenn?
Mu ni ko bu dul woon Maam faawàdd ñu dugg ca biir kër ga
Yaay ji teg ci nee boo deme kàccor yu faatoon fasu baay Galaay ja la ñu

Tàjji: Làngaaburi
Jëmu: Njàngum ng NG



IPELAN

Ngañ : Jàmm nga fanaan Lamin.
Lamin : Jàmm rekk ngañ.
Ngañ : Ana ndongo yi ?
Lamin : Ñu ngi làngaaburi ca ganaaw.
Ngañ : Ndongo yi ñów leen sangu ji dafa tàng.


làngaa-
buri
nga
ngañ
ngi

tangu
tànga
dëng
jàngal

Ndongo yi ñu ngi làngaaburi.

| Ndongo | làngaaburi |
|---|---|
| ngo | ngaa |
| ng | ng |
| NG | NG |

Ngañ ñów na daldi nuyu Lamin ne ko jàmm nga fanaan.
Mu fay ko neko jàmm rekk Lamin. Mu laaj ko ndongo yi , mu ni ko ñu ngi làngaaburi ca ganaaw. Mu ni leen ñu ñów sangu ji dafa tànga.
Tàjji : Làngaaburi
Jëmu : Njàngum nc NC



Faatim: Ayda kaay ñu dem sanc ba?
Ayda : xaaral ma dénc samay njumtukaay.
Faatim: Tay moom tancaloo di na baré ci làngaaburi ba.
Ayda: Man, moom ku ma conc rekk laafa ragal.

pénc
dénc
tancaloo
conc

sanc
lanc
tanc
gàncax

Ayda kaay ñu dem sanc ba.

sanc
anc
nc
NC

Faatim neena sàcc yi yobbu na ñu nagu Baay Daauda Faal.
Yaay ji ni ko wax nga musiba. Mbaa coru ñu fa kenn?
Mu ni ko bu dul woon Maam faawàdd ñu dugg ca biir kër ga
Yaay ji teg ci nee boo deme kàccor yu faatoon fasu baay Galaay ja la ñu

Tàjji: Làngaaburi
Jëmu: Njàngum ng NG



Baay: Mbay tay la làmb ji?
Mbay: Déedéet démb la mbër yi doon bëré.
Baay: Mbaa samba moo daan?
Mbay: Demba moo daan, mboolo mu bare ñoo ko topp.

Mbay tay la làmb ji

| Mbay | làmb |
|---|---|
| Mba | àmb |
| mb | mb |
| MB | MB |

mbay
làmb
mbër
mbaa

samba
démba
mboolo
mboq

Baay dafa laaj Mbay ndax làmb ji tay la.
Mu ni Baay déedéet démb lañu doon bëré.
Mu ni Mbay mbaa Samba a daan. Mu ni ko déedéet Demba a daan, dafa andoon ak mboolo mu bare.
Tàjji : Làmb ji
Jëmu : Njàngum nj NJ

IPELAN



Baay : Mbay, bëré Njool ak Njaga kañ la ?
Mbay : Njànku ni woon na ma ni juboo nañu ci njëg.
Baay : Njool day moom mu waajal ay njaqam.
Mbay : Njaga moom njaago -njaago yépp koy gungé.

| | |
|---|---|
| njool | njaqam |
| njaga | njaago |
| njànku | njariñ |
| njëg | njaboot |

Bëré Njool ak Njaga kañ la .

| Njool | Njaga |
|---|---|
| njoo | nja |
| nj | nj |
| NJ | NJ |

Baay laaj na Mbay bëré Njool ak Njaga kañ la ? Mbay ni ko Njànku waxoon nako ni juboo nañu ci njëg. Mu ni ko Njool day moom mu ngi waajal ay njaqam. Mbay ni Njaga itam njaago- njaago yépp koy gungé.

Tàjji: Tàggat yaram
Jëmu: njàngum nt NT




Faatim: Anta, tay sëriñ neena dunuy rawante. Anta: Man, dama am ngànt ndax sama tànk dafay metti. Faatim: Koon wax ko Binta ak Fanta.Sëriñ: Si buntu kër gi ngeen di tàmbalée ku jëkk laal buntu mbaar mi mooy ki raw.

| | |
|---|---|
| Anta | Binta |
| rawante | Fanta |
| ngànt | buntu |
| tànk | jubanti |

Anta, tay sëriñ neena dunuy rawante.

| Anta | rawante |
|---|---|
| nta | nte |
| nt | nt |
| NT | NT |

Faatim wax na Anta ni ko Sëriñ bi neena tay dañuy ràwanté. Mu ni ko moom dafa am ngànt ndax tankam dafay metti. Mu ni ko naka wax Binta ak Fanta. Sëriñ bi wan leen fi ñuy doore ak fi ñuy yam.



Tàjji: Tàgatt yaram
Jëmu: Njàngum nk NK

Lamin : Suba balaa jant fenk di naa la yee nu dawi.
Karim : Lu tax nga fonk dawum fajar ?
Lamin: Ndax dafa baax ci wer gi yaram, te day fudd tànk.
Karim: Xanaa moo tax ngay tàllal a ka bank say tànk.

Suba balaa jant fenk di naa la yee nu dawi.

fenk
enk
nk
NK

| | |
|---|---|
| Fenk | Funki |
| Fonk | Sonku |
| Tànk | Lonku |
| bank | penku |

Lamin neena Karim balaa jant fenk di naa la yee nu dem dawi. Mu ni ko bu soobee yalla mu laaj ko lu tax mu taamu ndawum suba si. Mu ni ko dafa baax ci wer gi yaram. Mu ni ko moo tax ngay talal ak di bank say tank.

Tàjji: fut ball jàngamaar yi
Jëmu: Njàngum nq NQ



Faatim : Awa war nanu tabb kippu janq ji sunu pegg.
Awa : Wax nga dëgg, sànq rekk maa ngi koy waxtaane.
Faatim : koon wut leen ay yëre yu xonq.
Awa : Nun di nanu jënd yu mboq ca Yànqooba

Awa war nanu tabb kippu janq ji sunu pegg.

janq
anq
nq
NQ

| | |
|---|---|
| Janq | Yànqooba |
| Sànq | Fénqoo |
| Xonq | Tanqal |
| fànq | sanqal |

IPELAN

Faatim wax na Awa ni ko war nanu tabb kippu janq ji sunu pegg. Mu ni ko wax nga dëgg, sànq rekk ña nga ci doon waxtaan. Benn kipp bu nekk tànn ndimo yëreem. Faatim ni leen nanu ka fullaal ndax tàgatt yaram di na fanq feebar yu bari.

Tàjji: Basketu way lompooñyi
Jëmu: Njàngum mp MP



Awa : Tay ci ngoon nun lompoñ yi dañuy joŋanté.
Anta : Sama doomu umpaañ sax si kippu dëkk bi la bokk.
Awa: Doon lompoñ terewul tàgatt sa yaram.
Anta: Sunu jawriñ di na teew indiwaale ay ndàmpaay.

| | |
|---|---|
| lompoñ | fomp |
| umpaañ | compal |
| dampaay | sempi |
| dàmp | pomp |

Tay si ngoon way lompoñ yi dañuy joŋante.
lompoñ
mpo
mp
MP

Awa neena Ami Tay ci ngoon lompoñ yi dañuy joŋanté. Mu ni ko doomu umpaañam sax si kippu dëkk bi la bokk. Awa ni ko doon lompoñ terewul tàgatt sa yaram. Ami ni ko seen jawrin di na teew indiwaalé ay ndampaay.

Tàjj : Nafar
ng – nc – mb – nj – nt – nk – nq– mp



Awa : Tay la joŋante lompoñ yi ca pénc ma.
Anta : Moo tax njiitu jawriñ yi di na ko teewe.
Awa: Loolu moom mbir mu mag la, moo tax takk der yi teew nañu sànq.
Anta: Ñaari kipp yépp génn nañu teel, ndax balaa jant fenk ñu noppi.

Joŋanté lompoñ njiitu nguur mbir sànq pénc fenk

nté mpo njii nguu mbi ànq énc enk

nt mp nj ng mb nq nc nk

NT MP NJ NG MB NQ NC NK

| | |
|---|---|
| Awa : Tay | nguur |
| la joŋante | mbir |
| lompoñ | fànq |
| yi ca pénc | fenk |
| ma. | |
| Anta : | |

Tàjji : Njënd ak Njaay
Jëmu : Njàngum j jj J JJ



Yaay Daaro: Jaynaba looy jënd?
Jaynaba: jaay ma lujum ak jën
Yaay Daaro : Ma fijji Jën yi ?
Jaynab : Déedéet jaru ko, bàjjan Jaara di na leen fijji.

Déedéet jaru ko, bàjjan Jaara di na leen fijji

jaru bàjjan Jaara fijji

ja àjj Jaa ijji

j jj J jj

J JJ J JJ

| | |
|---|---|
| jaynaba | jën |
| jënd | fijji |
| jaay | jaru |
| lujum | bàjjan |
| Moo | |
| tax njiitu | |

Yaay daaro laaj na jaynaba lu muy jënd.
Jaynaba ni ko mu jaay ko lujum ak jën.
Mu laajaat ko ndax mu fijji jën yi.
Mu ni ko deedeet jaruko bàjjan jaara dina leen fijji.

Tàjji: Njënd ak Njaay
Jëmu: Njàngum k kk K KK



Korka: Am nga kaarite?
Bakka: Sama ràkk! ñaata nga bëgg?
Korka: Njëggu fukki dërëm, sama kawar laay diw
Bakka: Tekkil mbuus moomu jël benn.

fukki dërëm, sama kawar lay diw

| fukki | kawar |
|---|---|
| ukk | ka |
| kk | k |
| KK | K |

| | |
|---|---|
| korka | bàkka |
| kaarite | rakk |
| kawar | fukki |
| bàkkan | tekkil |
| Moo tax | |
| njiitu | |

IPELAN

Korka laaj na Bàkka ba xam am na kaarite.
Bakka ni ko « sama rakk! ñaata nga ci bëgg ».
Mu ni ko njëggu fukki dërëm la ci bëgg boppam lay diw. Bakka niko mu tekki mbuus mooma te jël benn.

Tàjji : Jàngalekat bi
Jëmu : Njàngum l L



**Ndongo li : liifantu wolof ñaata araf la ?**
**Sëriñ : 16 rafnga, 35 rafta ak 9 raf nasal.**
**Ndongo li: lépp ngay jàng?**
**Sëriñ : Loo bind loolu ngay jàng.**

**Liifantu wolof ñaata araf la ?**

| | | |
|---|---|---|
| Liifantu | wolof | la |
| li | lo | la |
| l | l | l |
| L | L | L |

| | |
|---|---|
| liifantu | loo |
| Wolof | loolu |
| Ndongo li | Wolofal |
| lépp | Jolof |
| jawriñ yi | |
| di na ko | |

**Ndongo li laaj na sëriñam liifantu wolof ñaata araf la. Mu ni ko fukk ak juróom benn (16) rafnga la, fanweer ak juróom (35) rafta ak juróom ñeent (9) raf nasal. Mu dal di ko laajaat ndax lépp la ñuy jàng. Mu tontu ko ni ko loo bind loolu ngay jàang.**

**Tàjji : Jàngalekat bi**
**Jëmu : Njàngum** ll LL



IPELAN

**Jàngalekat bi : Bés yi ñaata lañu ?**
**Lamin : Bés yi juroom ñaar lañu.**
**Jàngalekat bi : Limal ma leen.**
**Lamin : Altine, Talaata, Àllàrba, Alxàmis, Aljumaa, Gaawu ak Dibeer.**

| | |
|---|---|
| Talaata, | Àllarba |
| al | àll |
| l | ll |
| L | LL |

| | |
|---|---|
| Altine | Àllarba |
| Talaata | till |
| Alxamis | xolli |
| Aljumaa, | tollu |

Jàngalekat bi laaj na Lamin bés yi ñaata lañu.
Lamin ni ko bés yi juroom ñaar lañu.
Jàngalekat bi ni ko mu lim leen.
Lamin tambali lim : Altine, Talaata, Àllàrba, Alxàmis, Aljumaa, Gaawu ak Dibeer.

Tàjji : Ñawkat bi
Jëmu : Njàngum m mm M MM



Faatim : Musaa yow, mbaa ñawal nga ma ?
Musaa: Pusó masin bi moo dammoon waaye sér bi noppi na.
Faatim: Ani musóor gi mbaa mat na?
Musaa: óxoo! faatim tàmm nga xultu lool, léegi lepp noppi.


pusó masin bi moo dammoon

| masin | moo | dammoon |
|---|---|---|
| ma | moo | amm |
| m | m | mm |
| M | M | MM |

| | |
|---|---|
| Mousaa | dammoon |
| mbaa | tàmm |
| masin | jàmm |
| musóor | fomm |

Faatim laaj na Musaa ñawkat bi, ba xam ñawal na ko.
Musaa tontu ko niko pusó masinam moo dammoon waaye ser bia noppî na. Faatim laajat ko ndaxam musóor gi mat na. Mu ni ko oxóo, Faatim da nga tàmm xultu, léegi lepp noppi.

Tàjji : lakk katu mburu
Jëmu : Njàngum p pp P PP




Lamin : Paate lakk katu mburu la.
Fanti : Waye démb lakkul ndax pont a ko jam.
Lamin : Xam na ni daal nit ñi sopp na ñu mburu paate.
Fanti : Moo tax koppar yu bare lay am.

Nit ñi sopp na ñu mburu paate.


| sopp | paate. |
|---|---|
| opp | pa |
| pp | p |
| PP | P |

| | |
|---|---|
| Paat | sopp |
| pont | koppar |
| peme | soppe |
| pom | noppi |

IPELAN

Lamin nee na Paate lakk katu mburu la.
Fanti niko waaye démb lakkul ndax pont moo ko jam. Lamin ne tiko nit ñi sopp na ñu mburu paate.
Fanti tek ci ni moo tax koppar yu bare lay am.

Tàjji : lakk katu mburu
Jëmu : Njàngum nd Nd




Fanti : Ndari mooy ndongo buy jàppale Paate.
Lamin : waaw, ndax ndox mi muy tooyale moo koy indi.
Fanti : Xanaa moo moom ndaamar lii ?
Lamin : Ci lay yobboo mburumi ànd ak surgaam.


| | |
|---|---|
| Ndari | ànd |
| ndongo | indi |
| ndox | ndax |
| ndaamar | mbindaan |

Ndari mooy ndongo buy jàppale Paate.

| | |
|---|---|
| Ndari | ndongo |
| Nda | ndo |
| nd | nd |
| Nd | Nd |

Fanti nee na Ndari mooy jappale Paate.
Lamin niko waaw ndax ndox mi muy tooyale mo koy indi.
Fanti laaj ko xana moo moom ndaamar lii. Mu ni ko ci lay joxee mburu mi ànd ak surgaam.

Tàjji : ŋaamaan kat bi
Jëmu : Njàngum ŋ Ŋ



IPELAN

Lamin : Kee du Ñaŋ ŋaamaan kat ba ?
Karim : Ahakañ ! xale yi da ñuy jongu ëllëg.
Lamin : Lu muy ŋar noonu ?
Karim: Yaxu yàpp ; baay a ka rendil xar.

Kee du Ñaŋ ŋaamaan kat ba
Ñaŋ ŋaamaan
aŋ ŋa
ŋ ŋ
Ŋ Ŋ

Ñaŋ
ŋaamaan
ŋar
basaŋ

ŋebal
Daŋar
joŋe.
ŋeer

Lamin nee na kee du Ñaŋ ŋaamaan kat ba.
Karim ni ko ahankañ! xale yi da ñuy jongu ëllëg.
Mu laaj ko lu muy ŋar noonu. Mu ni ko yaxu yapp lay ŋar ndax baay moo ko rendil xar.

Tàjji : Nafar
Jëmu : Njàngum j jj k kk l ll m mm p pp nd



Lamin : Jëlal kajj gi nu dem rëbbi.
Karim: Fekk ma àll ba.
Lamin: Keroog jàppoon naa gen lëg gu tànkam dàmm.
Karim: Ndeketé Paate ka jamoon mu daw.

Jëlal kajj dem Fekk àll Keroog lëg dàmm Ndeketé Paate jàppoon
Jë ajj em ekk àll Ke lë àmm Nde Pa àpp
J jj m kk ll k l mm nd p pp
J JJ M KK LL K L MM ND P PP

ëlal
kajj
Fekk
àll

Keroog
jàppoon
dàmm.
Ndeketé

**Karim nee na Lamin na jël kajj gi nu dem rëbbi.**
**Lamin niko naka fekk àll ba.**
**Mu nee tiko keroog jàppoon na gen lëg gu tànkam dàmm.**
**Lamin ni ko ndeketé Paate ka jamoon mu daw.**

**Tàjji : Moom sa réew**
**Jëmu : Njàngum** w W




**Karim : Ëllëg la 28 Nowàmbar.**
**Lamin : Waawaaw, bés boobu la ñuy màggal bés bi nu moomee sunu bopp.**
**Karim : wax nga dëgg bés la bu ñuy wone sunu mbégte ak di ci sàrgal sunuy jàmbaar ya.**
**Lamin : Moom sa réew daal dafa neex.**

Waawaaw, bés boobu la ñuy màggal

Waawaaw

Wa wo wi woo wu

w w w w w

W W W W W

| | |
|---|---|
| Nowambar | réew |
| waawaaw | woo |
| wax | woyof |
| wane | coow |

**Karim nee na Lamin ëllëg la 28 Nowàmbar. Lamin ni ko waawaaw bés boo bu la ñuy màggal bés bi nu moome sunu bopp. Karim nee ti ko wax nga dëgg ndax bés la bu nuy wone sunu mbégte ak di ci sàrgal sunuy jàmbaar ya.**

**Tàjji: Kori gi**
**Jëmu: Njàngum** ww WW





IPELAN

Karim : Weer wi féeñ na ëllëg fàww nu wori.
Lamin : Nga ni lan ! jii xibaar aka gën a neex.
Karim : Waawaaw moo tax faawadd làwwi yëreem.
Lamin : Man tamit sama tubay ji yàwwiku na sax.

wéer wi féeñ,ëllëg fàww nu wori.

Fàww
àww
ww
WW

| | |
|---|---|
| Xewwi | Fàww |
| Jaww | Yàwwi |
| Lewwi | Yewwi |
| làwwi | tàwwi |

Karim nee na lamin weer wi féeñ na, ëllëg fàww nu wori. Lamin ni ko ngani lan ! jii xibaar aka gën a neex. Karim ni ko waawaaw moo tax Faawadd làwwi yëreem. Lamin ni ko moom tamit tubayam yawwiku na sax.

Tajji : Tabaski
Jëmu : Njàngum : y Y



Karim : Baay jëndal na ma yëre yu rafet ci tabaski wi.
Faatim: Ak man sama yaay yóbbu na ma ca ñawkat ba mu ñawal ma ndoget.
Karim: Am na nu tamit xar mu mag.
Faatim: Sama nijaay moom tamit yar na kuuy bu rëy.
Karim: Tabaski ren ji ku yarul xar di nga sonn ndax xar yombul.
Sama nijaay yar na kuuy bu rëy.

nijaay yar rëy.
aay ya ëy
y y y
Y Y Y

| | |
|---|---|
| Baay | Rëy |
| Yëre | Nijaay |
| Yaay | Kuuy |
| yobu | yombul |

**Karim nee na Faatim baayam jëndal nako yëre yu rafet ci tabaski wi. Faatim ni ko moom tamit yaa-yam yóbu na ko ca ñàwkat ba mu ñàwal ko libidor. Karim nee ti ko ñoom am na ñu tamit xar mu mag. Faatim ni ko nijaayam yar na kuuy mu rëy.**

**Tajji: Gàmmu gi**
**Jëmu: yy YY**



**Yaay: Kaay mooñ cere ji Faatim.**
**Faatim: Yaay man tàyyi naa de.**
**Yaay: Bàyyil tàyyal, te nga ñëw liggéey.**
**Faatim: Waaw koon bàyyima ma noyyi tuuti.**

| | |
|---|---|
| tàyyi | noyyi |
| bàyyi | bàyyima yi |
| tàyyal | làyy |
| bàyyi | mëyy |

**bàyyil tàyyal**

**àyyi àyya**
**yy yy**
**YY YY**

**Yaay woo na Faatim ngir mu ñëw mooñ cere ji.**
**Faatim ni ko tàyyi na. Mu ni ko na bàyyi tàyyal te ñëw ligéey. Faatim ni ko na ko bàyyi koon mu noyyi tuuti.**

**Tàjji: Gàmmu Garak**
**Jëmu: Njàngum ññ ÑÑ**



IPELAN

Lamin: Dëkk bi leer na nàññ ndax gàmmu gi.
Karim : Làmp yaa ngi ni ràññ
Lamin : Nit ñaa nga ni kaññ di xaar reer
Karim : Reer yaa ngi ni gàññ, nëpp di na ñu suur tay.


| | |
|---|---|
| nàññ | waññi |
| ràññ | ràññee |
| kaññ | meññeef |
| gàññ | soññ |

Dëkk bi leer na nàññ

nàññ
àññ
ññ
ÑÑ

Lamin nee na dëkk bi leer na nàññ ndax gàmmu gi.
Karim ni ko làmp yaa ngi ni ràññ.
Lamin nee tiko nit ñaa nga ni kaññ di xaar reer.
Lamin tekk ca ni ko reer yaa ngi ni gaññ, nëpp dina ñu suur tay

Tàjji: Seentu weer
Jëmu: Njàngum ŋŋ ŊŊ



Lamin: Tay la koor gi jeex pëŋŋ.
Karim: Abdoo nga ni toŋŋ ci kaw di seentu weer wi
Lamin: xoolal! weer waa nga nee ni fàŋŋ!
Karim : Ndekete du man doŋŋ maa ko séen.
Lamin: koon daal suba midi keŋŋ, bool keŋŋ.

| | |
|---|---|
| pëŋŋ | keŋŋ |
| toŋŋ | koŋŋ |
| fàŋŋ | xàŋŋ |
| doŋŋ | mëŋŋ |

Koon daal suba midi keŋŋ, bool keŋŋ

Keŋŋ keŋŋ
ŋŋ ŋŋ
ŊŊ ŊŊ

Yaay woo na Faatim ngir mu ñëw mooñ cere ji.
Faatim ni ko tàyyi na. Mu ni ko na bàyyi tàyyal te ñëw ligéey. Faatim ni ko na ko bàyyi koon mu noyyi tuuti.

Tàjji: Gàmmu Garak
Jëmu: Njàngum ñ Ñ



Faatim: Añ wi noppi na.
Bandàñ: ku doon togg?
Faatim: Faañaŋ a doon togg.
Bandàñ: Ñam wi ñor na, ñeex mi saf na.


Ñamwi ñor na, ñeex mi saf na

| | |
|---|---|
| Ñamwi ñor | ñeex |
| Ña | ñee |
| ñ | ñ |
| Ñ | Ñ |

| | |
|---|---|
| añ | ñor |
| Bandañ | ñeex |
| Fañaŋ | gaañu |
| ñamwi | ñeme |

Faatim nee na Bandañ añ wi noppi na.
Bandañ laaj ku doon togg.
Mu ni ko Faañaŋ a doon togg.
Bandañ ni ko ñam wi ñor na, ñeex mi saf na

Tàjji: Nafar
Jëmu: w ww y yy ŋ ŋŋ ñ ññ



Lamin : Weer wi léer na nàññ
Karim : Moo tax dex gi ni leww.
Lamin : Yamar Ñaŋ tàyyi, moo tax nappi wu
Karim: Moo ni noŋŋ nee ci kaw gaal gi?

Weer leww tay tàyyi Ñaŋ noŋŋ nàññ
we eww ay àyyi Ña aŋ oŋŋ àññ
w ww y yy ñ ŋ ŋŋ ññ
W WW Y YY ŋ ŋŋ ñ ññ

| | |
|---|---|
| Weer | Ñaŋ |
| nàññ | tàyyi |
| leww | noŋŋ |
| Yamar | kañ |

Lamin nee na weer wi léer na nàññ
Karim niko loolu mo tax dex gi ni leww.
Mu neeti ko Yamar Ñaŋ tàyyi, moo tax nàppi wul tay.
Karim te sax moo ni noŋŋ nee ci kaw gaal gi?

IPELAN

## NDAWALU GAYNDE

Démb ci ngoon, Gaynde dafa dénkoon Bukki saaku ndawal.
Sànq, Golo àjji li Bukki dencoon, nëbb ko.
Bukki, tiit ndax xam ni Gaynde yomb naa mer.
Bukki wër gisul, tijji buntu xaj, wax ko ko.
Xaj nee ko, neel niib Golo, yeew ko ci ndigg.
Bukki jëfe ndigal, yeew Golo ci ndigg ak tànk.
Golo mujj ŋank buum gi, màtt ko daggul.
Nees tuut, mu déjjati bant bi ñu ko takkoon.
Noonu mu ne noŋŋ cig màngo, banku ne suññeel

## YAR AK TEGGIN

Man, Aali laa tudd. Su ma yeewoo, damay jëkk a nuyu sama pàppa ak sama yaay. Su ma noppee, nuyu sama mag yi ak ñi nekk ci kër gi ñépp.
Su ma gisee mag ci mbedd mi itam, dama koy nuyu. Sama pàppa moo ma ni xale bu yaru dafay nuyoo, di def li ko waajuram yi wax.

IPELAN 2024

# NJÀNGUM DAWAL

## AT MU JËKK WOLOF

IPELAN

AFD
AGENCE FRANÇAISE DE DÉVELOPPEMENT

BANQUE MONDIALE